Vasungwa veTariro

Nhetembo

Nokuti Jehovha anonzwa varombo, uye haashori vasungwa vake. Pisarema 69:33

Kugomera kwevasungwa ngakuuye pamberi penyu; chengetedzai avo vakatarirwa kufa nesimba renyu guru; Pisarema 79:11

Izvi zvichanyorerwa rudzi runotevera; uye vanhu vachasikwa vacharumbidza Jehovha. Nokuti akatarira pasi ari panzvimbo yake tsvene yakakwirira; Jehovha akatarira pasi ari kudenga; kuti anzwe kugomera kwevasungwa; kuti asunungure avo vakatemerwa rufu; Pisarema 102:18-20

Budisai mweya wangu mujeri, kuti ndirumbidze zita renyu; vakarurama vachandikomberedza; nekuti muchandiitira zvakanaka. Pisarema 142:7

Anofara munhu ane Mwari waJakobho semubatsiri wake, ane tariro muna Jehovha Mwari wake: Iye akaita denga nenyika, gungwa nezvose zviri mukati maro; Iye anochengeta chokwadi nokusingaperi; Iye anoruramisira vanomanikidzwa; Anopa vane nzara chikafu. Jehovha anosunungura vasungwa: Pisarema 146:5-7

Vaprofita

Zvanzi naMwari Jehovha, iye akasika denga, akaritatamura, iye akatambanudza nyika nezvose zvinobuda mairi, iye anopa mweya kuvanhu vari mairi, uye mweya kune vanofamba mairi: Ini Jehovha ndakakudana mukururama, uye ndichabata ruoko rwako, uye ndichakuchengeta, uye ndichakuita sungano yevanhu, uye chiedza chemarudzi, kuti usvinudze maziso emapofu, uye kuti ubudise vasungwa mujeri, uye avo vagere murima mujeri. Isaya 42:5-7

Mweya waIshe Jehovha uri pamusoro pangu; nekuti Jehovha akandizodza kuti ndiparidzire vanyoro mashoko akanaka; akandituma kuti ndirape vane mwoyo yakaputsika, kuti ndiparidzire kusunungurwa kuna vakatapwa, uye kuti vakasungwa vachazarurirwa; Isaya 61:1

Kana murimiwo, neropa resungano yenyu ndakabudisa vasungwa venyu mugomba risina mvura. Dzokerai kunhare, imi vasungwa vane tariro; kunyange nhasi ndinozivisa kuti ndichakudzoserai zvakapetwa kaviri; Zekaria 9:11-12

Evhangeri

Ipapo Mambo achati kune vari kurudyi rwake, Uyai, imi makaropafadzwa naBaba vangu, mugare nhaka youmambo hwamakagadzirirwa kubva pakuvamba kwenyika. Nokuti ndakanga ndine nzara, mukandipa chikafu; ndakanga ndine nyota, mukandipa chokunwa; ndakanga ndiri mutorwa, mukandigamuchira; ndakanga ndisina kupfeka, mukandipfekedza; ndakanga ndichirwara, mukandishanyira; ndakanga ndiri mutorongo, mukauya kwandiri. Ipapo vakarurama vachamupindura vachiti, Ishe, takakuonai riniko muine nzara, tikakupai chikafu? kana muine nyota, tikakupai chokunwa? Takakuonai riniko mutorwa, tikakugamuchirai? kana musina kupfeka, tikakupfekedzai? kana kuti takakuonai riniko muchirwara, kana mujeri, tikakuuyai? Mambo

achapindura achiti kwavari, Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, sezvamakaitira mumwe wevaduku vehama dzangu idzi, makazviitira ini. Mateo 25:34-40

Ipapo akati kwavari: Rudzi ruchamukira rudzi, noumambo huchamukira ushe: Kudengenyeka kwenyika kukuru kuchavapo munzvimbo dzakasiyana-siyana, nenzara, nehosha; uye zvinhu zvinotyisa nezviratidzo zvikuru zvichabva kudenga. Asi izvi zvose zvisati zvaitika, vachakubatai, vachakutambudzai, vachikuisai kumasinagoge, nekumajere, vachiendeswa pamberi pemadzimambo nevatongi nokuda kwezita rangu. Uye zvichashanduka kwamuri seuchapupu. Ruka 21:10-13

Mabasa

Ipapo mupristi mukuru akasimuka, navose vaiva naye, (ivo veboka revaSadhusi), vakatsamwa zvikuru, vakabata vaapostora, vakavaisa mutirongo revanhu vose. Asi mutumwa waShe akazarura mikova yetirongo usiku, akavabudisa, akati: Endai, mumire mutaure mutemberi kuvanhu mashoko ose oupenyu huno. Mabasa 5:17-20

Petro akachengetwa mujeri; asi ungano yakaramba ichimunyengeterera kuna Mwari. Zvino Herodhi paakanga achida kumuburitsa, usiku ihwohwo Petro akanga akarara pakati pevarwi vaviri, akasungwa nengetani mbiri; uye varindi pamberi pemusuwo vakarinda jeri. Zvino tarira, mutumwa waShe akasvika paari, chiedza chikapenya mujeri; akarova Petro parutivi, akamumutsa, achiti, Simuka nekukurumidza. Zvisungo zvake zvakadonha kubva pamaoko ake. Asi akavaninira noruoko kuti vanyarare, akavarondedzera kuti Ishe akanga amuburitsa sei mujeri. Akati, “Endai muzivise zvinhu izvi kuna Jakobho nehama.” Ipapo akaenda kune imwe nzvimbo. Mabasa 12:5-7,17

Vakati vavarova kakawanda, vakavakanda mujeri, vachirayira murindi wejeri kuti avachengetedze. Iye, agamuchira murairo wakadaro, akavakanda mujeri remukati, akavasunga tsoka dzavo mumatanda. Pakati peusiku Pauro naSirasi vakanyengetera, vachiimba vachirumbidza Mwari; vasungwa vakavanzwa. Pakarepo kwakava nokudengenyeka kwenyika kukuru, zvekuti nheyo dzejeri dzakazununguswa; pakarepo masuo ese akazarurwa, uye zvisungo zvemunhu wese zvakasunungurwa. Murindi wejeri akamuka pahope dzake, achiona masuo ejeri achizarurwa, akavhomora munondo wake, achida kuzviuraya, achifunga kuti vasungwa vatiza. Asi Pauro akadanidzira nenzwi guru, achiti: Musazvikuvadza; nekuti tiri pano tose. Ipapo akadana mwenje, akasvetukira mukati, akauya achidedera, akawira pasi pamberi paPauro naSirasi, Akavabudisa kunze, akati: Madzishe, ndinofanira kuitei kuti ndiponeswe? Vakati: Tendai kuna Ishe Jesu Kristu, uye muchaponeswa, iwe neimba yenyu. Vakamutaurira shoko raShe, navose vaiva mumba make. Akavatora nenguva iyoyo yeusiku, akasuka maronda avo, akabhabhatidzwa, iye navose vake pakarepo. Akavaisa mumba make, akavagadzirira zvokudya, akafara, achitenda kuna Mwari, iye nemhuri yake yose. Mabasa 16:23-34

Tsamba

Ivo vashumiri vaKristu here? (Ndinotaura sebenzi) Ndiri nani pane vamwe; pakushanda zvakaoma zvikuru, pakurohwa kupfuura mwero, mujeri kakawanda, parufu kazhinji. 2 VaKorinde 11:23

Naizvozvo ini musungwa waShe, ndinokukumbirisai kuti mufambe zvakafanira kudanwa kwamakadanwa nako, nekuzvininipisa kose nounyoro, nomwoyo murefu, muchishiviririrana murudo, muchishingaira kuchengeta humwe hweMweya muchisungo cherugare. VaEfeso 4:1-3

Saka usanyara neuchapupu hwaIshe wedu, kana ini musungwa wake; asi tambura pamwe chete nevhangeri nesimba raMwari, iye akatiponesa, akatidana nekudana kutsvene, kwete nekuda kwemabasa edu, asi nekuda kwechinangwa chake nenyasha, dzatakapihwa muna Kristu Jesu nyika isati yavapo, asi zvino zvaratidzwa pachena nekuonekwa kweMuponesi wedu Jesu Kristu, wakaparadza rufu, akaburitsa pachena hupenyu nekusafa kuburikidza neevhangeri: yandakagadzwa kuva muparidzi, nemuapositori, nemudzidzisi wevahedheni. 2 Timoti 1:8-11

Pauro, musungwa waKristu Jesu, naTimoti hama yedu, kuna Firimoni, mudikanwi wedu, nomushandi pamwe chete nesu, Asi nokuda kworudo ndinokukumbirisai, sezvo ndiri Pauro mutana, uye zvino ndiri musungwa waKristu Jesu. Firimoni 1:1,9

Usatya zvinhu zvauchatambudzika nazvo: tarira, dhiabhorosi uchaisa vamwe venyu mutorongo, kuti muedzwe; uye muchatambudzika mazuva gumi; tenda kusvika parufu, uye ndichakupa korona yeupenyu. Zvakazarurwa 2:10